# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

**09.06.1998-ж. №362/1**

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
18.03.1999-ж. 445/I-санлы ҚР Нызамы
28.08.1999-ж. 473/I-санлы ҚР Нызамы
27.09.2000-ж. 50/II-санлы ҚР Нызамы
07.08.2002-ж. 164/II-санлы ҚР Нызамы
29.05.2004-ж. 273/II-санлы ҚР Нызамы
09.10.2004-ж. 293/II-санлы ҚР Нызамы
25.04.2009-ж. 240/III-санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Қарақалпақстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының ҳуқықый статусы**

Қарақалпақстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы (буннан былай Орайлық сайлаў комиссиясы) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайлаўды, сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасының референдумын шөлкемлестириў ҳәм өткериў ушын дүзиледи және өз жумысын турақлы тийкарда әмелге асырады.

Орайлық сайлаў комиссиясы өз жумысында Қарақалпақстан Республикасының Конституциясын, Қарақалпақстан Республикасының сайлаў ҳәм референдум ҳаққындағы нызамларын және басқа да нызам актлерин басшылыққа алады.

**2-статья. Орайлық сайлаў комиссиясы жумысының тийкарғы принциплери**

Орайлық сайлаў комиссиясы жумысының тийкарғы принциплери нызамлылық, коллегиаллық, жәриялылық, ғәрезсизлик, әдилликтен ибарат болып табылады.

Орайлық сайлаў комиссиясы өзиниң пүткил жумысы менен сайлаў системасының демократиялық принциплерин әмелге асырыўға жәрдем етиўге, сайлаўшылардың ерк-ықрарын еркин билдириў мүмкиншилигин тәмийинлеўи тийис.

**3-статья. Орайлық сайлаў комиссиясын дүзиў**

Орайлық сайлаў комиссиясы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңес тәрепинен комиссияның кеминде он жети ағзасы қурамында дүзиледи.

Орайлық сайлаў комиссиясының ағзалары халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслериниң усынысы бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңес тәрепинен тастыйықланады.

Орайлық сайлаў комиссиясының баслығы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығының усынысы менен комиссия ағзалары арасынан оның мәжилисинде сайланады.

Орайлық сайлаў комиссиясының ўәкилликлери Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен тоқтатылыўы мүмкин.

**4-статья. Орайлық сайлаў комиссиясында ағзалық**

Орайлық сайлаў комиссиясының ағзасы басқа сайлаў комиссиясының ямаса сиясий партияның ағзасы болыўы мүмкин емес.

Орайлық сайлаў комиссиясының ағзасы нызам менен белгиленген тәртипте Жоқарғы Кеңес депутатлығына кандидат ямаса депутатлыққа кандидаттың исенимли ўәкили сыпатында дизимге алынған жағдайда, Орайлық сайлаў комиссиясының қурамынан шыққан болып есапланады. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Орайлық сайлаў комиссиясы ағзаларының ўәкилликлери төмендеги жағдайларда тиккелей Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен яки оны ағзалыққа усынған уйымның усынысы бойынша тоқтатылыўы мүмкин:

- ол белгиленеген тәртипте ақылы-зайыл деп табылған жағдайда;
- судтың ол жөниндеги айыплаў ҳүкими нызамлы күшине кирген жағдайда;
- ол өзине жүкленген ўазыйпаларды турақлы түрде орынлай алмаған жағдайда.

Орйлық сайлаў комиссиясы ағзасының ўәкилликлери Жоқарғы Кеңес сессиялары аралығындағы дәўирде Жоқарғы Кеңес Президиумы тәрепинен тоқтатылыўы мүмкин. Қабыл етилген шешим соңын-ала Жоқарғы Кеңестиң тастыйықлаў шәрти менен тоқтатылыўы мүмкин.

Зәрүр болған жағдайда Орайлық сайлаў комиссиясының жаңа ағзасы усы нызамның 3-статьясында белгиленген тәртипте тастыйықланады.

**5-статья. Орайлық сайлаў комиссиясының ўәкилликлери**

Орайлық сайлаў комиссиясы:

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатларын сайлаўды ҳәм референдумды өткериў ушын дүзилетуғын сайлаў комиссияларының системасына басшылық етеди, Қарақалпақстан Республикасының пүткил аймағында сайлаў ҳәм референдум ҳаққында нызамлардың орынланыўын қадағалаўды әмелге асырады, олардың бир қыйлы қолланылыўын тәмийинлейди;

сайлаў комиссияларының жумысларын методикалық тәмийинлеўди әмелге асырады, өз ўәкилликлери шегинде қарарлар сайлаў ҳәм референдумды

шөлкемлестириў мәселелери бойынша инструкциялар шығарады ҳәм түсиниклер береди, қабыл етеди;

сайлаў округлерин дүзеди, оларға атамалар ҳәм номерлер береди, олардың шегараларын ҳәм сайлаўшылардың санын көрсетиў менен округлердиң дизимлерин жәриялайды;

округлик сайлаў комиссияларын дүзеди ҳәм олардың мәкан жайы ҳаққында мағлыўматлар жәриялайды;

сайлаў комиссияларының өзгерислер киргизиўдиң тәртибин белгилейди;

егер округлик сайлаў комиссиясының шешимлерин сайлаў ҳәм референдум ҳаққындағы нызамларға қарама-қарсы келген жағдайда өз бетинше ямаса Қарақалпақстан Республикасы усынысы бойынша бийкарлайды;

сайлаўға ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәм оларды өткериў бойынша шығынлар сметасын ислеп шығады ҳәм тастыйықлайды, сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериў комиссиялары бойынша ақша қаржыларын бөлистиреди, оларды пайдаланыў тәртибин белгилейди, сайлаў комиссияларының ҳәм референдумды өткериў бойынша комиссиялардың имаратлар, транспорт ҳәм байланыс қураллары менен тәмийинлениўин қадағалайды, сайлаўды ҳәм референдумды материаллық-техникалық тәмийинлеўдиң басқада мәселелерин қарап шығады;

сиясий партиялардан, баспасөз, телевидение, радио ўәкилликлеринен бақлаўшылар ушын гүўалық үлгисин белгилейди;

усынылған ҳүжжетлер тийкарында сиясий партияларға сайлаўға қатнасыўы ушын рухсат етиў шешим қабыл етеди;

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатлығына кандидатларды усынған сиясий партиялардан тийисли ҳүжжетлерди қабыл етип алады;

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатлығына кандидатларды дизимге алады ҳәм усы дизимлерди баспасөзде жәриялайды;

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатлығына кандидатлар ушын сайлаўда қатнасыўында тендей шараятларды тәмийинлейди;

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатлығына сайлаў бойынша, сайлаў бюллетенлериниң, референдумда даўыс бериў ушын бюллетенниң, сайлаўшылардың ҳәм референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе пухаралардың дизимлериниң, қол қойыў қағазларының, сайлаў комиссияларының референдумды өткериў бойынша комиссиялардың протоколларының үлгилерин ҳәм түрлерин, даўыс бериў ушын қутылардың ҳәм сайлаў комиссияларының, референдумды өткериў бойынша комиссиялардың мөрлериниң үлгилерин, ҳүжжетлерди сақлаў тәртибин белгилейди;

сайлаўдың ҳәм референдумның жуўмақларын шығарады, Қарақалпақстан Республикасы бойынша даўыс бериўдиң нәтийжелерин анықлайды ҳәм баспасөзде сайлаўшылардың ямаса референдумға қатнасыў ҳуқықына ийе

пуқаралардың даўыс бериўге қатнасқанлардың, ҳәр бир кандидатты жақлап берилген даўыслардың саны, референдумға шығарылған мәселени жақлап ямаса оған қарсы берилген даўыслардың саны ҳаққында билдириўди баспасөзде жәриялайды;

нызамларда нәзерде тутылған жағдайда қайта даўыс бериўди, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатлығына қайта сайлаў ҳәм босап қалған орынларға сайлаў өткерилиўин шөлкемлестиреди;

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайланған депутатларын дизимге алады, сондай-ақ олардың дизимин баспасөзде жәриялайды;

сайлаўдан соң нызамда белгиленген тәртипте Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң биринши мәжилисин шақырады;

сайланған Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутатына гүўалығын ҳәм өңирге тағатуғын белгисин береди;

сайлаў комиссияларының шешимлери ҳәмде ҳәрекетлери үстинен келип түскен арза ҳәм шағымларды қарап шығады және олар бойынша шешимлер қабыл етеди;

Өзбекстан Республикасының ҳәм Қарақалпақстан Республикасының сайлаў ҳаққындағы, сондай-ақ Өзбекстан Республикасының референдум нызамлары жынайы жуўапкершиликке тартыўға себеп болатуғын дәрежеде бузылыўына байланыслы материалларды прокуратура уйымларына өткереди;

сайлаўды ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде оны өткериў менен байланыслы ҳүжжетлердиң архивке тапсырылыўын тәмийинлейди;

Орайлық сайлаў комиссиясының Регламентин тастыйықлайды;

нызамларға муўапық басқада ўәкилликлерди әмелге асырады; *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**6-статья. Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының ўәкилликлери**

Орайлық сайлаў комиссиясының баслығы:

Орайлық сайлаў комиссиясының жумысына басшылықты әмелге асырады;

Орайлық сайлаў комиссиясының мәжилислерин шақырады, оларға басшылық етеди, комиссия ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистиреди;

Орайлық сайлаў комиссиясының мәжилислеринде қатнасыў ушын мәмлекетлик уйымлардың, сиясий партиялардың ҳәм жәмийетлик бирлеспелердиң, шөлкемлердиң ўәкиллерин ҳәм басқа да лаўазымлы адамларды шақырады;

мәмлекетлик уйымлар, жәмийетлик шөлкемлер менен қатнасықларда Орайлық сайлаў комиссиясы атынан ҳәрекет етеди;

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайлаўдың, сондай-ақ референдумның жуўмақлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине мәлимлеме береди;

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң биринши мәжилисин ашады ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы сайланғанға шекем мәжилиске басшылық етеди;

усы Нызамда ҳәм Қарақалпақстан Республикасының басқада нызамларында нәзерде тутылған басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

Орайлық сайлаў комиссиясы баслығы өз ўәкилликлерин орынлаў мүмкин болмай қалғанда, сондай-ақ оның жоқлығы пайытында баслықтың ўазыйпалары баслықтың орынбасарына ямаса Орайлық сайлаў комиссиясының шешими бойынша Орайлық сайлаў комиссиясы ағзаларының бирине жүкленеди.

**7-статья. Орайлық сайлаў комиссиясының мәжилиси**

Орайлық сайлаў комиссиясы жумысының шөлкемлестириў формасы оның мәжилислери болып табылады, олар зәрүрлигине қарай өткериледи. Комиссия ағзалары улыўма санының keminде үштен екиси қатнасса мәжилис толық ҳуқықлы болып есапланады.

Орайлық сайлаў комиссиясының шешимлери ашық даўыс бериў арқалы, комиссия ағзалары улыўма санының әпиўайы көпшилик даўысы менен қабыл етиледи. Даўыслар тендей болып бөлинген жағдайда Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының даўысы шешиўши болып табылады.

**8-статья. Орайлық сайлаў комиссиясы мәжилисиниң протоколы**

Орайлық сайлаў комиссиясының мәжилислеринде протокол жүргизиледи, оған мәжилиске басшылық етиўши ҳәм протокол алып барыўшы қол қояды.

Орайлық сайлаў комиссиясының ағзалары айрықша пикир билдириўге ҳақылы, ол жазба түрде протоколға қоса тигиледи.

**9-статья. Орайлық сайлаў комиссиясының қарарлары**

Орайлық сайлаў комиссиясы өз ўәкилликлери шеклеринде қарарлар қабыл етеди, оларға баслық қол қояды ҳәм олар баспа сөзде жәрияланады.

**10-статья. Орайлық сайлаў комиссиясы қарарларының миннетлилиги**

Орайлық сайлаў комиссиясының өз ўәкилликлери шеклеринде қабыл еткен қарарлары округлик ҳәм участкалық сайлаў комиссиялары ҳәм референдумды өткериў бойынша комиссиялар ушын, мәмлекетлик уйымлар, сиясий партиялар ҳәм басқада мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлер ушын миннетли болады.

**11-статья. Орайлық сайлаў комиссиясының муражатларын қарап шығыў**

Орайлық сайлаў комиссиясы сайлаўға ямаса референдумға таярлық ҳәм оларды өткериўге байланыслы мәселелер бойынша мәмлекетлик уйымлардың, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, кәрханалардың, мәкемелердиң ҳәм шөлкемлердиң басшыларына, басқа да лаўазымлы адамларға муражат етиўге

ҳақылы, олар мәселени қарап шығыўға ҳәм үш күн ишинде жуўап бериўге миннетли.

**12-статья. Орайлық сайлаў комиссиясы қарарларына байланыслы шағым етиў**

Орайлық сайлаў комиссиясының қарарларына байланыслы Қарақалпақстан Республикасының Пуқаралық ислер бойынша Жоқарғы судына ямаса Қарақалпақстан Республикасы Жынаят ислери бойынша Жоқарғы судына шағым етилиўи мүмкин. Шағым келип түскеннен кейин үш күн ишинде, ал егер сайлаўға ямаса референдумға дейин алты күннен аз қалған болса - тоқтаўсыз түрде қарап шығылыўы тийис.

**13-статья. Орайлық сайлаў комиссиясының секретариаты**

Орайлық сайлаў комиссиясының жумысын тәмийинлеў ушын оның секретариаты дүзиледи.

Секретариаттың структурасы, штатлары ҳәм оның жумыс ислеў тәртиби Орайлық сайлаў комиссиясының баслығы тәрепинен тастыйықланады.

**14-статья. Орайлық сайлаў комиссиясының регламенти**

Орайлық сайлаў комиссиясының жумыс тәртиби оның регламенти менен белгиленеди.

**15-статья. Орайлық сайлаў комиссиясын қаржыландырыў**

Орайлық сайлаў комиссиясын қаржыландырыў мәмлекетлик қаржылар есабынан әмелге асырылады ҳәм Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик бюджетин тастыйықлағанда нәзерде тутылады.

**16-статья. Орайлық сайлаў комиссиясының мөри**

Орайлық сайлаў комиссиясы Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик герби сәўлеленген ҳәм өз атамасы жазылған мөрге ийе болады.

Орайлық сайлаў комиссиясы юридикалық тәреп болып табылады.